boo sujjóotee, na nga teg say ténq te yëkkëti say conc

Jële nañu ci Al-Baraa yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "boo sujjóotee, na nga teg say ténq te yëkkëti say conc".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral nekkiinu loxo yi ci sujjóot bi ci julli gi, te loolu mooy mu dëgëral ay ténqam ci suuf mu kebale baaraam yi mu jëm xibla, ñaari conc yi yëkkëtiku wolif muy laal suuf ñu sori ñaari wet yi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/10927